



WWW.JOBBANK.GC.CA/NEWCOMERS

Fèy enfòmasyon pou òganizasyon k ap sèvi imigran yo

KI SA BANK DJÒB YE?

- www.JobBank.gc.ca se yon sit wèb gouvènman Kanada kote ou kapab jwenn djòb nan Kanada. Chak jou, gen milye djòb ke yo ajoute sou sit sa a.
- Bank Djòb disponib an Fransè e an Anglè. Se lang ofisyèl Kanada.



KÒMAN POU W JWENN YON DJÒB


Itilize zòn rechèch la:

Filtè ki a goch paj rezilta rechèch djòb la kapab ede w fokis sou kalite djòb ou bezwen an.

KONPRANN AFICHAJ DJÒB LA

Dewoule rezilta rechèch djòb la pou w wè:

- Tit djòb la;
- Antrepriz kote travay la ye;
- Zòn travay la ye;
- Kantite lajan an.



Klike sou afichaj travay la pou detay yo :

Afichaj djòb yo genyen anpil detay enpòtan. Men kèk nan yo :



- Ki kote djòb la ye pa rapò a kote ou abite a;
- Konbyen kòb w ap touche;
- Ki orè ak ki jou travay la ye;
- Dat pou djòb la kòmanse;
- Kijan responsab travay la vle ou aplike pou travay la.

Ou ka itilize enfòmasyon sa yo pou w decide si w ap aplike pou travay la.

APLIKE POU YON DJÒB

Si ou chwazi kontakte travay la, yo ka mande w:

- Non ou;
- Zòn ou rete, e si ou gen mwayen transpò pou w vin nan travay la;
- Ki eksperyans ou nan travay;
- Si ou genyen bonjan pèmi travay.

Travay la ka envite w kòm kandida pou w voye yon Kouwikoulòm Vite oubyen pou w patisipe nan yon entèviou. Si responsab la vle anplwaye w, wap resevwa yon òf travay pou w siyen.

REKONESANS DIPLÒM ETRANJE

O Kanada, gen kèk anplwa ki mande yon lisans avan ou kòmanse travay. Men kèk egzanp, nou gen *Pwofesè, Enjenyè pwofesyonèl, ou byen enfimyè*.



Diplòm inivèsite ki sòti nan lòt peyi ka bezwen pase tès evalyasyon.

KÈK RESOUS ITIL POU OU :

- Itilize *Zouti rekonesans diplòm etranje (Foreign Credential Recognition Tool)* pou w wè si djòb ki enterese w la mande pou w gen yon lisans.
- Pran enfòmasyon sou *evalyasyon diplòm yo* pou w wè si diplòm ak eksperyans ou valab nan Kanada.
- *Itilize Zouti pou fè Seve (Resume Builder Tool)* pou w jwenn èd pou w fè yon kourikoulòm pwofesyonèl.

Pou w jwenn resous say o, vizite :

WWW.JOBBANK.GC.CA/NEWCOMERS